

GID POU PARAN POU KLAS MATÈNÈL MATEMATIK

Preparasyon Timoun Florida Pou yo Gen Yon Bèl Avni



Tout timoun Florida merite diplome nan lekòl segondè avèk konesans ak ladrès yo bezwen pou yo reyisi nan kolèj, nan karyè yo chwazi ak nan lavi yo. Nan anpil ane ki sot pase yo, Florida te fè gwo pwogrès akademik. Men, nou konnen mache travay jodi a egzije elèv diplome nou yo pou yo gen pi bon panse kritik, pi bon ladrès pou yo rezoud pwoblèm ak pi bon ladrès pou yo kominike pase anvan. Prensip siperyè ki ankouraje ak motive elèv nou yo enpòtan.

Pou satisfè bezwen sa a, dirijan edikasyon nan eta Florida te amelyore prensip pou matyè akademik nou yo, pou yo kreye nouvo egzijans pou sa elèv yo bezwen konnen ak kapab fè. Prensip Florida yo la pou asire TOUT elèv yo reyalize pi gwo potansyèl yo—kèlkeswa sa chemen an ka ye.

Preparasyon pitit ou li reyisi kòmanse nan klas matènèl epi li kontinye pandan pitit ou ap vanse nan chak klas. Gid sa a ap sipòte paran ak fanmi ki gen timoun ki nan **klas matènèl**. Pou fè sa, gid la ap ede ou:

- **Aprann** Prensip Florida yo ak rezon ki fè yo enpòtan pou pitit ou.
- **Pale** avèk pwofesè pitit ou sou sa pitit ou ap aprann nan salklas la.
- **Sipòte** aprantisaj pitit ou nan fason pratik lakay ou.

APRANN PRENSIP YO

Elèv Florida yo ap kontinye pratike anpil menm bagay yo te aprann nan klas matènèl—ansanm avèk kèk ladrès siplemantè enpòtan. Elèv **klas matènèl** yo ap aprann kalite leson sa yo:

- Konte jiska 100 pa en epi pa dis.
- Konprann relasyon ant nonb yo ak kantite yo; konekte konte avèk kadinalite.



- Repezante adisyon ak soustraksyon avèk objè, dwèt, imaj mantal, desen, son, reprezentasyon sityasyon, eksplikasyon aloral, ekspresyon oswa ekwasyon.



- Fè adisyon ak soustraksyon nan limit senk. 🍏🍏🍏🍏🍏

Chak timoun devlope nan ritm pa li. Aktivite ki nan gid sa a se gid ki rekòmande pou laj espesyal pou lespri jèn timoun k ap grandi.

Telechaje Prensip Florida pou Matematik pou Klas Matènèl sou sitwèb www.flstandards.org

#FLStandards
Antre nan konvèsasyon an



PALE AVÈK PWOFESÈ PITIT OU



CLè w ap pale avèk pwofesè pitit ou, pa pè pale sou tout bagay. Olye ou pè pale sou tout bagay, kenbe konvèsasyon an konsantre sou sijè ki pi enpòtan pou pitit ou. Nan klas matènèl, ou ka mande poze pwofesè pitit ou kesyon tankou:

- Kijan pitit ou mande pitit mwen pou li montre travay li?
- Nan ki kèk matyè pitit ou travay pi byen? Ki kote pitit mwen bezwen èd siplemantè?.

SIPÒTE APRANTISAJ LA LAKAY OU

Ou kapab ankouraje pitit ou aprann lang ak literati anglè lakay ou nan fason ki amizan pou ou ak pitit ou. Eseye lide sa yo apre lekòl, nan jou wikenn epi pandan vakans lete.



Fason pou konte avèk aktivite chak jou. Konte kantite pa ou fè lè w ap mache pou soti yon kote pou ale yon lòt kote, oswa konte kantite atik ou retire nan yon sakado oswa nan sache manje angwo.



Fè pitit ou ede ou klase rad lesiv yo an diferan gwoup. Pa egzanp, mete tout pantalon yo nan yon pil chemiz yo nan yon lòt pil ak chosèt yo nan yon twazyèm pil. Pale sou fason yon atik kapab fè pati nan diferan kategori yo. Pale sou ki gwoup ki gen plis atik, ki gwoup ki gen mwens oswa ki gwoup ki gen kantite egalego.



Pale sou lis ki gen desen atik yo epi kreye li sa yo. Make yo. Pou fè sa, ekri nonb yo depi en jiska 20. Pratike lekti nonb yo ansanm avèk pitit ou.



Pratike adisyon ak soustraksyon lè n ap patisipe nan aktivite chak jou yo. Di konsa, "Ou gen 3 bonbon sèl. Si mwen ba ou 2 lòt bonbon sèl, konbyen w ap genyen?" Nan fen klas matènèl la, pitit ou ta dwe alèz pou adisyone ak soustrè nonb yo nan limit 5.



Konsèp "SAN" enpòtan pou elèv klas matènèl yo. Reflechi sou fason pou entwodui "100" nan vrè aktivite ki gen sans. Pa egzanp, fè yon tablo epi 10 mouvman egzèsis "plwaye kò ak detire kò" chak jou pandan 10 jou.



Siveye fòm jewometrik yo. Pak/lakou rekreyasyon oswa boutik ki vann manje angwo se bon kote pou chèche ak lonmen sèk, kòn, kare ak rektang.



Fè yon pwen pou obsève relasyon oswa resanblans ak diferans yo, tankou plis/mwens, anwo/anba, akote/dèyè, pi wo/pi kout.



Si ou telechaje aplikasyon pou pitit ou jwe, pran prekosyon ou pou chwazi sèlman sa ki gen valè edikasyonèl toutbon, tankou Common Sense Media ([www.common Sense Media \(www.common Sense Media.org\)](http://www.common Sense Media.org)).

Pale avèk pwofesè pitit ou avèk direktè lekòl li pou ou aprann pi gwo lide pou sipòte aprantisaj li lakay ou. **Telechaje Prensip Florida pou Matematik okonplè ak lòt resous pou paran yo sou sitwèb www.flstandards.org**

Ou gen kesyon? Kontakte JustforParents@fldoe.org